



## Akademisyen VILSAINT, Féquière

### Prezantasyon:

Féquière Vilsaint fèt 24 jiyè 1952 nan vil Pòtoprens, depatman Lwès. Li se biyochimis, edikatè. Li gen yon sètifika nan fèmantasyon endistriyèl (McGill University, 1985), yon sètifika nan jesyon devlòpman agwoendistriyèl (University of Costa Rica, 1984).

### Piblikasyon:

Féquière Vilsaint fè plizyè rechèch e li pibliye plizyè dokiman pou kont li oubyen ak lòt kolaboratè. Pami travay sa yo, nou ka site :

- *Ansiklopedi Kreyòl (10 tòm)*, Educa Vision Inc., 2016.
- *Diksyonè Syans Kreyòl ak desen*, Educa Vision Inc., 2014.
- *Diksyonè Kreyòl Vilsen*, Educa Vision Inc., 1997, 2009.
- *English / Haitian Creole two way Word to Word Dictionary*, Educa Vision Inc., 2005.
- *English - Haitian Creole Medical Dictionary*, Educa Vision Inc., 2003.
- *Gid pou prepare egzamen an sante*, Educa Vision Inc., 1999.
- *Etap nan lavi moun*, Educa Vision Inc., 1993.

### Angajman:

Nan kad travay li fè pou li defann oswa fè pwomosyon pou lang ak kilti kreyòl la, li entèveni nan domèn sa yo:

- Rechèch
- Edikasyon
- Syans natirèl
- Kilti

Se Educa Vision Inc. ki te pwopoze kandidati Féquière Vilsaint kòm Akademisyen.